



Kisa MLTC ye?

Yon entwodiksyon sou Swen Kontwole
Alontèm ke Rezo Endependan pou
Defans Konsomatè prepare

**Community
Service
Society** | Fighting Poverty
Strengthening
New York

 **ICAN**
Independent
Consumer Advocacy
Network

Kijan pou w itilize ti liv sa a

Ou kapab li bwochi sa a depi nan kòmansman an si w pa konnen anyen ditou konsènan swen alontèm yo.

Ou kapab itilize tou Tab matyè a pou ale dirèkteman nan kesyon w lan.



Si gen yon bagay ou pa konprann oswa si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou li, ou ka toujou rele ICAN nan **(844) 614-8800**.

Tab Matyè


Kisa MLTC ye?	5
Ki kalte plan MLTC ki genyen?	7
Ki moun ki pou antre nan yon plan MLTC?	17
ICAN ka ede ou	18



**Asirans sante yo peye pou
swen medikal tankou doktè,
lopital ak medikaman yo.**



**Men pifò asirans
yo pa peye pou
swen alontèm.**



Kisa MLTC ye?

MLTC se akwonim pou **Managed Long Term Care (Swen Kontwole Alontèm)**.

Swen alontèm vle di sèvis ki ede w avèk aktivite ou fè toulejou. Tankou oksilyè swen adomisil, pwogram swen lajounen, ak mezon enfimri. Ou ka bezwen sèvis swen alontèm si w bezwen yon lòt moun ki pou ede w pwòpte kay ou, abiye w, oswa benyen w.

Pifò Nouyòkè ki bezwen swen alontèm resevwa I atravè Medicaid. Epi pifò moun ki gen Medicaid fèt pou resevwa swen alontèm yo atravè yon pwogram MLTC.

“M” ki nan MLTC a vle di “managed” (kontwole). “MLTC” se yon tip asirans sante ke yo rele swen kontwole. Sa vle di si pou Medicaid peye pou swen alontèm ou, ou fèt pou antre nan yon plan asirans sante konpayi prive ofri. Medicaid peye konpayi sa yo pou yo bay manm li yo swen alontèm.

Pou plan an ka peye pou swen w yo, ou sipoze konsilte founisè ki nan rezo plan an.

Tout sis pwogram MLTC ke nou dekri anba a kouvri sèvis tankou swen adomisil, swen lajounen pou adilt, etablisman ki bay swen enfimri, ekipman medikal, ak sèvis transpò. Men tou, disponibilite lòt sèvis swen alontèm yo varye pamis sis pwogram yo.


Lè w antre nan yon plan MLTC, w ap gen yon **Responsab Swen**.

Moun sa a ap vizite w omwen de (2) fwa nan yon ane epi l ap ede w resevwa swen w bezwen yo. Ou ka rele responsab swen w lan nenpòt lè ou gen yon késyon oswa yon pwoblèm.



Ki kalte plan MLTC ki genyen?

Gen sis kalte asirans sante Medicaid diferan ki gen swen alontèm. Chak kalte plan ka kouvri yon seri sèvis diferan. Men tout plan ki nan menm kategori yo dwe kouvri menm kalte sèvis. Pou konn kilès ki bon pou ou, sa pral depann de si w gen Medicare tou.



Si w gen Medicaid men w pa genyen Medicare

ou petèt ap resevwa asirans sante Medicaid ou a atravè yon plan **Swen Jeneral Medicaid ki Kontwole (Mainstream Medicaid Managed Care plan, MMC) oswa Plan Sante ak Retablisman an (Health And Recovery Plan, HARP).**


Mainstream Medicaid Managed Care, MMC

Plan sa yo kouvri tout depans doktè, lopital, medikaman ak sèvis swen sante alontèm ou resevwa yo. Anjeneral ou pa bezwen yon plan MLTC apa pou resevwa sèvis swen sante alontèm.

Health And Recovery Plans, HARPs

HARP se yon kalte Swen Alontèm ki fèt pou moun ki gen pwoblèm sante mantal oswa ki depann de sibstans. Menm jan ak plan MMC yo, HARP yo kouvri tout depans doktè, lopital, medikaman ak sèvis swen sante alontèm ou


resevwa yo.
Menm jan ak MMC, si w gen HARP ou pa bezwen chanje plan pou w resevwa sèvis swen sante alontèm.




Pou w apran plis konsènan HARP, li ti liv Plan Sante ak Rekiperasyon nou an, li disponib sou entènèt nan <https://icannys.org/icanlibrary/harp-haitiancreole/> oswa rele 844-614-8800.

Si se sèlman Medicaid ou genyen epi w bezwen swen alontèm, rès ti liv sa pa koresponn ak ou. Rele ICAN pou w jwenn èd (ale nan paj 18).

Si w gen Medicaid ak Medicare:



alèkile w ka chwazi pami kat kalte plan ki vin annapre sa yo:



INC.

Medicaid MLTC



CHRIS LEE
ID#1234567890

Medicaid MLTC

Pifò moun ki gen MLTC gen kalte plan sa a, epi yo konn rele l tou “partial-capitation (kapitasyon-pasyèl) MLTC.” Yo rele li “pasyèl” poutèt se sèlman yon pati nan swen sante w li kouvri.

W ap toujou genyen Medicare ak Medicaid tradisyonèl pou doktè w, lopital ak lòt swen medikal ou yo.

Plan Medicaid MLTC kouvri sèvis swen sante alontèm sèlman ak kèk lòt sèvis. Avèk kalite plan sa a, ou dwe itilize asirans sante Medicare ou pou swen medikal ou. Ou ka kontinye ale kay menm doktè w ou ale kounyeya, paske asirans sante Medicare ou pap chanje.





Men kèk nan sèvis Medicaid MLTC kouvri yo:

- Swen adomisil
(tankou swen pèsonèl, oksilyè adomisil,
ak Asistans Pèsonèl ke Kliyan an Dirije)
- Swen lajounen pou granmoun
- Swen Enfimyè Prive
- Fizyoterapi/Ègoterapi/Òtofoni
- Transpò al nan randevou medikal
- Livrezon Manje Adomisil
- Founiti ak ekipman medikal
- Aparèy Oditif ak Odyoloji
- Linèt ak swen pou zye
- Swen pou dan
- Podoloji (swen pou pye)
- Sejou nan enfimri pou yon ti tan




Plan ki Konplètman “Capitated”

Toule twa kalte plan sa yo bay menm sèvis Medicaid MLTC bay. Men yo gen ladan yo **tou** tout avantaj Medicare ou yo.

Yo rele yo dèfwa plan ki **konplètman “capitated”** paske yo peye yo pou yo ba w alafwa avantaj Medicare ak Medicaid yo. Avèk plan sa yo, ou pa bezwen itilize kat Medicare ou a ankò pou w ka gen swen medikal. Tout bagay pase pa plan w lan. Plan sa yo pi pratik poutèt ou gen yon sèl asirans sante pou jere.

Sepandan, ou fèt pou asire w ke doktè w la asepte asirans la anvan w antre ladann. Ou sipoze asire w ke lopital, famasi, ak founisè ke w itilize yo nan **rezo** plan an tou. Si founisè w la pa nan rezo plan an, asirans ou an p ap ka peye pou w wè yo.





PACE

CHRIS LEE
ID#1234567890

Pwogram ki Gen Tout Swen pou Moun ki Rantre nan Laj (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE)

PACE konbine Medicare, Medicaid ak sèvis swen alontèm nan yon sèl plan.


Ou fèt pou gen omwen 55 an pou antre nan PACE.

Si w antre nan yon plan PACE, ou fèt pou ale nan yon sant nan katye w pou ka resevwa pifò swen ou bezwen.

Sant PACE la gen doktè ak enfimyè ki òganize swen ou, epitou li gen ladan swen lajounen pou adilt, manje ak lòt sèvis.

PACE pa disponib toupatou nan Eta a. Men se yon bon opsyon pou moun ki viv toupre yon sant PACE.

Si w pa dakò ak yon desizyon PACE ou an pran, gen de pwoesisis apèl ki diferan, tou depan si sèvis la se Medicare ki kouvri l oswa si se Medicaid ki kouvri l.





MAP

CHRIS LEE
ID#1234567890


Medicaid Advantage Plus (MAP)

Plan Medicaid Advantage Plus tankou yon plan Medicare Advantage¹ ki konbina ak yon plan MLTC. Tankou PACE, MAP gen tout ladann: Medicare, Medicaid ak sèvis swen alontèm.

Laj yo mande pou antre ladann varye selon plan an, li ka 18+ jiska 65+.

Diferans li genyen avèk PACE sèke ou pa bezwen ale nan okenn sant pou ale kay doktè w ni pou resevwa lòt swen.

Si w pa dakò ak yon desizyon plan MAP ou a, gen senpleman yon pwoesisis apèl pou tout sèvis yo.



1. Medicare Advantage se yon mwayen pou w gen asirans sante Medicare ou atravè yon plan swen ki kontwole an prive. Gen kèk benefisyè Medicare ki chwazi anrejistre nan plan sa yo.

INC.

FIDA-IDD

CHRIS LEE
ID#1234567890

Avantaj Doub Konplètman Entegre pou Moun ki gen Andikap Entelektyèl ak Devlòpmantal (Fully Integrated Duals Advantage for Individuals with Intellectual and Developmental Disabilities, FIDA -IDD)

FIDA-IDD se yon plan pou moun ki gen Medicare ak Medicaid ki elijib pou yo resevwa sèvis atravè Biwo pou Moun ki Gen Andikap Devlòpmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD).

Menm jan ak PACE ak MAP, FIDA-IDD konbine yo tout, Medicare, Medicaid ak sèvis swen sante alontèm nan yon sèl plan.

Nan FIDA-IDD, ou ap fè pati yon **ekip** ki ka ede w pran desizyon sou swen sante w. Tou depan de preferans pèsonèl ou, ekip sa a ka gen ladann nenpòt manm fanmi w oswa zanmi w ki ede w, doktè w, ak responsab swen w nan plan an.


Ekip sa a ede w resevwa sèvis ou bezwen yo epi l asire l ke tout konpozan swen sante w travay ansanm kòmsadwa.



FIDA-IDD kouvri lòt sèvis tou (waiver services), tankou abilite kominotè, sipò pou travay, ak swen ki dirije pa pwòp kliyan an.

FIDA-IDD disponib nan vil Nouyòk, nan Nassau, nan Rocklan, nan Suffolk ak nan Westchester sèlman.

Pou w aprann plis sou FIDA-IDD, gade ti liv nou an ki rele **Yon Plan Pou Mwen: FIDA-IDD**, li disponib nan <https://icannys.org/icanlibrary/fida-idd-haitiancreole/> oswa rele 844-614-8800.



Pou w aprann plis konsènan kijan pou w antre nan yon MLTC, li ti liv nou an **Ki jan pou m antre nan MLTC?**, li disponib sou entènèt nan <https://icannys.org/icanlibrary/join-haitian/>, oswa rele 844-614-8800.

Ki moun ki pou antre nan yon plan MLTC?

Ou fèt pou antre nan yon plan MLTC si w reponn “Wi” a tout kesyon sa yo:

Èske w anrejistre nan Medicare aktyèlman?	<input type="checkbox"/> wi <input type="checkbox"/> non
Èske w anrejistre nan Medicaid aktyèlman?	<input type="checkbox"/> wi <input type="checkbox"/> non
Èske w bezwen swen sante alontèm, etablisman ki bay adilt swen sante lajounen, oswa lòt swen sante alontèm?	<input type="checkbox"/> wi <input type="checkbox"/> non
Èske w gen laj 21 an oswa plis?	<input type="checkbox"/> wi <input type="checkbox"/> non

Si w reponn “Wi” a tout kesyon sa yo, kidonk ou sipoze chwazi yon plan.² Ou ka chwazi yon Medicaid MLTC, PACE, oswa MAP.

Se sèlman lè w antre nan yon plan w ap elijib pou w resevwa sèvis swen alontèm.

Si w déjà ap **resevwa** sèvis swen alontèm Medicaid, petèt yo déjà chanje w vè yon plan MLTC.

Si wap **aplike** pou swen alontèm Medicaid, ou fèt pou chwazi yon plan MLTC infwa Medicaid apwouye w.

2. Gen kék ti esepsyon, menm si ou reponn “wi” a tout kesyon sa yo: Rele ICAN nan (844) 614-8800 pou w ka aprann plis

ICAN ka ede ou

Nou ka:

- **Reponn kesyon w genyen** konsènan plan Swen Kontwole Alontèm yo.
- **Ba w konsèy** sou opsyon pou plan w yo.
- **Ede w anrejistre** nan yon plan MLTC.
- **Identifye ak rezoud pwoblèm** ki lye ak plan w lan.
- **Nou ka ede w konprann dwa w yo.**
- **Ede w soumèt plent** ak/oswa dòleyans si w pa kontan avèk plan aksyon yon plan.
- **Nou ka ede w fè apèl poutèt yon aksyon ou pa dakò.**

Rele nan **844-614-8800**.

Si w soud oswa bèbè, ou ka rele **711** pou itilize Sèvis Relè NY la.

Imèl **ICAN@cssny.org**.

ICAN ka ede.



RANKONTRE



AN PÈSÒN



ESPLIKE



SOU PAPYE



TRADUI



633 Third Ave.
New York, NY 10017
(212) 254-8900
cssny.org



(844) 614-8800
icannys.org

ICAN se yon pwogram Sosyete Sèvis Kominotè nan Nouyòk (Community Service Society of New York) e se Leta Nouyòk ki finanse l. Kèlkeswa opinyon, rezilta, bagay yo jwenn ak/oswa entèpretasyon enfòmasyon ki nan ti liv sa a, se responsabilite CSS yo ye epi yo pa nesesèman reprezante opinyon, ni entèpretasyon oswa politik Eta a. Se Imaginary Office ki fè konsepsyon an. Aktyalize nan mwa avril 2021.